

Apèsi pou fanmi sou mwayen transpò elèv

Published August 2019 (T&I-29978 Haitian Creole)

Sèvis mwayen transpò ki disponib pou fanmi diferan selon lekòl la, ak dapre elijiblite chak timoun pou sèvis sa yo. Pale avèk lekòl ou a si w gen kesyon sou opsyon ki disponib yo.

Opsyon

- **MetroCards**, se lekòl ou a ki distribye yo pou itilize nan tren ak MTA ak otobis MTA ki pa ekspès
- **Transpò otobis lekòl** vin chèche ak depoze elèv nan arè otobis yo idantifye
- **Transpò espesyalize**, yo fè aranjman pou sa pou satisfè bezwen patikilye elèv

Elijiblite

- **MetroCards** → Pou elèv ki abite nan yon distans plis pase mwatye (1/2) mil avèk lekòl la
- **Transpò otobis jòn lekòl** → Depann sou kondisyon ki baze sou nivo klas ak distans
- **Transpò espesyalize** → Pou elèv ki gen yon IEP ki gen akomodasyon pou mwayen transpò
- **Elèv k ap viv nan lojman tanporè (ladan elèv sanzabri ak elèv ki nan Foster Care)** → Transpò gratis, pandan tout ane lekòl lè yo vin ap viv nan yon lojman pèmanan

Sipò

- Kontakte lekòl ou a (jwenn enfòmasyon lekòl ou a nan schools.nyc.gov/find-a-school)
- Suiv nou sou Twitter [@NYCSchoolBuses](https://twitter.com/NYCSchoolBuses)
- Enskri pou resevwa alèt ijans atravè app mobil Notify NYC
- Rele konpayi otobis ou a oswa Biwo transpò elèv nan (718) 392-8855

Preparasyon

- Asire tout enfòmasyon kontak ou genyen yo ajou
- Fè lekòl ou a konnen tout chanjman kote w rete oswa fason w ap viv
- Konnen ki kote arè otobis ou ye, rive 5-10 minit avan lè y ap vin chèche elèv la

Tan Ijans

- Pwosedi ijans dapre tan an ke yo kreye an kolaborasyon avèk NYPD, Depatman ponpye, ak NYC Emergency Management, disponib nan schools.nyc.gov/transportation

Dwa

- Dwa mwayen transpò pou elèv ak fanmi yo disponib nan schools.nyc.gov/transportation-rights

ANREJISTRE

Lekòl ou a kapab ede w anrejistre pou yon **Kont lekòl NYC**, ki gen ladan enfòmasyon presi sou otobis ak chanjman nan sèvis yo

KENBE NOU OKOURAN

Fè lekòl ou a ak chofè otobis la konnen imedyatman si w gen nenpòt chanjman nan adrès ou oswa nan enfòmasyon pou yo kontakte w

RANKONTRE AVÈK EKIP OTOBIS OU A

Familyarize w avèk chofè ak matwòn ki nan otobis la epi asire ou gen nimewo telefòn konpayi otobis la

PRATIKE SEKIRITE

Revize Konsèy pou pran otobis ak tren ansekiriteavèk pitit ou a, ki disponib nan schools.nyc.gov/safe-travel-tips

Ou gen Kesyon? Kontakte lekòl ou a, oswa ale nan schools.nyc.gov/transportation
Ou bezwen rapòte yon pwoblèm? Kontakte lekòl ou a, oswa rele **718-392-8855**